



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

ICYMI: GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI K'AP PRAN POU PWOTEJE DWA CIVIL YO EPI KONBAT KRIM LAYÈN YO

Ayè, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Nouyòkè yo pou ini yo nan batay pou tolerans ak jistis pandan li nan Abyssinian Baptist Church ki nan Harlem. Gouvènè an te anonse jodi a plizyè mezi k'ap pran pou pwoteje dwa sivil ak konbat krim layèn yo nan New York, ki gen ladan kreyasyon yon Inite nan Lapolis Eta a pou fè ankèt sou rapò krim layèn yo, yon ekspansyon lwa dwa imèn eta a pou pwoteje tout etidyan yo, epi li mete sou pye yon nouvo fon pou defans jiridik ijans pou imigran yo. Wap jwenn plis enfòmasyon sou anons Gouvènè a ki disponib [isit la](#).

Gwo pawòl ki soti nan diskou Gouvènè an yo anba a:

“Sa se yon nasyon ki konstwi sou diferans yo. Nou pa fonde sou yon ras, oswa yon sèl relijyon, oswa yon sèl prensip. Nasyon sa te fonde sou yon ideyal ak yon konvansyon epi konvansyon sa te aksepte pa anpil ras ak kilti. Dyabolizasyon diferans sa yo ap vante sou demokrasi nou an nan nwayo li, epi li atake fondman nasyon nou an.”

Gen ekstrè **VIDEO** ki disponib sou YouTube [isit la](#) epi li nan fòm televizyon (h264, mp4) [isit la](#).

“Divizyon an dwe fini epi Nouyòkè yo pa pral espektatè enjistis. Sa se pa fason New York. Nou pral konbat seksis ak rasis ak sektaris tout kote nou wè yo. Nou pral leve kanpe pou dwa imigran yo paske nou kwè ke divèsite nou se yon fòs, pa yon feblès.”

Gen ekstrè **VIDEO** ki disponib sou YouTube [isit la](#) epi li nan fòm televizyon (h264, mp4) [isit la](#).

“Nou dwe di moun sna peyi sa ki santi ke yo p'ap jwenn pati ekitab pa yo nan gato Ameriken an – repons lan se pa batay ak pwochen ou pou moso gato pa yo. Repons lan se pa batay pou ti rès yo moun rich yo kite an. Repons lan se devlope gato ekonomik lan pou tout moun.”

Gen ekstrè **VIDEO** ki disponib sou YouTube [isit la](#) epi li nan fòm televizyon (h264, mp4) [isit la](#).

“Wi nou endividyèl, men tou nou kwè ke nou se yon sèl kominote, epi sa se fason New York. Nou kwè ke genyen yon kòd ki konekte ou ak ou ak ou ak ou. Kòd la kapab envizib, men li la epi li antrelase yon fabrik ke nou rele kominote. Epi nou kwè ke, nan

yon kominote, nou envesti yonn nan lòt paske lè yo leve yonn nan nou, yo leve nou tout, epi lè yo bese yonn nan nou, nou tout bese.”

Gen ekstrè **VIDEO** ki disponib sou YouTube [isit la](#) epi li nan fòm televizyon (h264, mp4) [isit la](#).

“New York gen yon responsabilite espesyal. Nou te toujou yon kapital pwogresif nan peyi sa. Nou te toujou konsyans sosyal la epi se moman pou nou aji fason sa. Nou dwe kanpe epi raple peyi sa kisa sa vle di pou ou se yon Ameriken – ke nwayo kwayans Ameriken nou an se ke nou se yon nasyon, anba Bondye, endivizib, kote ki gen libète ak jistis pou tout moun.”

Gen ekstrè **VIDEO** ki disponib sou YouTube [isit la](#) epi li nan fòm televizyon (h264, mp4) [isit la](#).

“Eta New York, nan divès fason, enkanse ideyal Ameriken an. Nou se laboratwa eksperyans Ameriken an nan demokrasi. New York se kapèt akèy nan mond lan. Yo desann isit la an premye. Estati Libète a kanpe nan pò nou epi Nouyòkè yo kenbe flanbo a, epi jodi a, yo dwe kenbe flanbo sa pi wo epi flanbo sa dwe briye pi plis ke anvan.”

Gen ekstrè **VIDEO** ki disponib sou YouTube [isit la](#) epi li nan fòm televizyon (h264, mp4) [isit la](#).

VIDEO anons Gouvènè a okonplè li disponib sou YouTube [isit la](#) epi nan fòm kalite Televizyon (h264, mp4) [isit la](#).

ODYO diskou Gouvènè an disponib [isit la](#).

FOTO evènman yo disponib sou [paj Flickr](#) Gouvènè a.

Gen yon transkripsyon sou diskou Gouvènè a okonplè ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418